# ҚАРАҚАЛПАҚ ШАЙЫРЛАРЫ ПОЭЗИЯСЫНДА ПЕРЗЕНТ ТӘРБИЯСЫ

Абдразахова Мехрибан Акимбаевна
Қаракалпақстан Республикасы, Нөкис қаласындағы
И.Юсупов атындағы дөретиўшилик мектебиниң тәрбияшысы.

**Аннотация:**
Қарақалпақ әдебиятындағы дидактикалық мазмундағы лирикалық қосықлар, олардың мазмуны, мәнилик байланыслары, шайырлардың философиялық ой-пикирлери, қосықлардың перзент тәрбиясындғы роли, лирикалық қаҳарман тәрепинен перзентлерге қарата ақыл-нәсият айтыўы, өмирдиң қыйын-қыстаўлы жолларын басып өтиўде өз турмыс тәжирийбелери менен бөлисиўи.

**Гилт сөзлер:** дидактика, тәрбия, көркемлик, минез-қулық, мазмун, көз-қараслар, пикир тереңлиги, лирика, философиялық мазмун.

Қарақалпақ әдебиятында дидактикалық жанр жақсы раўажланған.
Бунда ақыл нәсият бағдарында жәмийетлик қатнасықларды, инсанларды тәрбиялаўды нәзерде тутады.
Қаракалпақ халық аўызеки дөретпелеринде дидактикалық ой-пикирлер күшли раўажланған. Әсиресе, нақыл-мақалларда, терме-толғаўларда, дәстанларда дидактикалық пикир айрықша орын тутады.
Ақыл-нәсият мазмунынан ибарат термелер аўызеки әдебияттың ең жетилискен түринен есапланады.
Илимпаз Қ.Жәримбетов XIX әсирде қарақалпақ классик шайырлары Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтештиң дидактикалық ой-пикирлериниң турмыслық көркемлик, идеологиялык сағаларына айрықша тоқтап өтеди.

Әжинияздың «Қыш ақрабы» деп аталатуғын төртлигинде:

Қыш ақрабы яқшы ғайры елаттан,
Ғайры елат яқшы зжаман зүриядтан,
Жорғасыз. Жүриссиз бир шабан аттан,
Қос арбаға белли өгиз яқшырақ…,

Классик әдебияттың жарқын жулдызларының бири Әжинияз өзиниң бул төртлигинде тәрбиясыз перзентти «жаман зүрияд» деп атайды ҳәм ондай перзенттен ғайры елат

жақсы дейди, яғный перзентке жақсы тәрбия бере алмасақ, тәрбияға қулақ тутпаса, оннан қашып, ҳәтте ғайры елатқа-басқа елге кетип қалған жақсырақ, деп пикирлейди.

XX әсир қарақалпақ поэзиясында дидактикалық жанр өзиниң раўажланыўын даўам етти. Дидактикалық әдебият қайсы дәўирде болмасын, оның улыўма мазмуны өзгермейди, яғный инсанларды, перзентти, жәмийетти ақыл-кеңес айтыў арқалы тәрбиялаў.

Бундай шығармаларда жақсы-жаманды билиў, ийман-инсапқа шақырыў, адамгершиликли болыў, Ўатанға хызмет етиў, жақсы минез-қулыққа ийе болыў сыяқлы идеяларды алға сүреди.

Ҳәзирги қарақалпақ поэзиясында лирикалық дүркинлерде идеялық тематикалық жақтан жиклегенимизде, дидактикалық мазмундағы дүркинлердиң де ең раўажланған қубылыс екенлиги байқалады. Т.Сәрсенбаевтың «Улым, саған айтаман» атлы лирикалық дүркини көркемлиги, мазмуны, композициялық қурылысы жағынан шебер дөретилген.

Дүркин көлеми жағынан үлкен, ондағы ҳәрбир қосық сан таңбалары менен белгиленген, жәми 21 қосықтан ибарат.

Атаның перзентине берген нәсиятларында үлкен мәни, тәрбиялық әҳмийети бар. Заманға сай қәдем таслаў, жәмийетте өз орнын табыў, адамлар менен жақсы қарым-қатнаста болыў, өзгениң затына көз алартпаў, көпшиликтиң затына қыянет етпеў, ақыл парасатлы, зейинли болыў, өз орнын таўып сөйлеў, дидактикалық қосықтың баслы мазмуны.

Бирден гәп парқына барсаң не жақсы,
Өзиңди атқан сөзге қосылып күлмей,
Сөз сап болған жерде қалсаң не жақсы,
Анаў тынып турып туўлаған Нилдей.

Шайыр дидактикалық шығарма дөретиўде халықлық поэзия үлгисин басшылыққа алғаны сезиледи.

Атаның нағыз перзенти,
Нәкас болмас, нар болар,
Бес жасында ер жетип,
Жети жаста бар болар.

Жети жаста оқ болар,
Жерге жаўған қар болар,
Барлығына тоқ бала,

Жел алдында шар болар.

Жақсы менен жаман түсинигин салыстырыў арқалы жақсының абзаллығын көрсетиў классикалық әдебияттың тийкарғы сүўретлеў усылларының бири.
Әсиресе, Бердақтың нәсият қосықларында жақсы менен жаманды халықлық түсиниклерге сүйене отырып, олардың минез-қулқын ис-ҳәрекетин антитезалық сүўретлеў усыллары менен береди.
Мәселен: «Халық ушын» қосығында бундай сүўретлеў усылы анық көринеди.

Жақсы адам сөз мәнисин аңлайды,
Жаман адам пасық сөзди тыңлайды,
Айтсаң ҳәргиз ақылыңды алмайды,
Кеўлим мениң ўайран болар сол ушын.

Бундай сүўретлеўлер Күнхожа, Әжинияз шығармаларында да айқын көринеди.
ХХ әсир қарақалпақ шайырлары поэзиясында сүўретлеўдиң усындай усыллары қолланылған. Халық даналығындағы «жақсы перзент сүйиниш, жаман перзент күйиниш» деген пикирди еле де тереңлестиреди.
Шайыр жақсы перзент, жаман перзент түсинигин қарама-қарсы сүўретлеў арқалы перзентине нәсият етеди.

Жаман перзент жапалақтай жалп етсе,
Жақсы перзент маўытыдай тор безер,
Жақсы перзент еселейди толыңа,
Жаман перзент кеселейди жолыңа.

Қулыным-ай, жол деген бул қулағыр,
Солықтан да тек алдыңа қулағыл,
«Теңелбайдың баласындай болмағай»,
Деген сөзди еситпегей қулағым!

Шайыр усындай дидактикалық мазмундағы ҳәр бир қосығында атаның перзентке деген күйинишин, сүйинишин ақыл-нәсиятын сәўлелендирип барады. Қосықтың бастан-аяғына дидактикалық мазмунға қурылған.

Қосықта дидактикалық мазмун менен терең философиялық жуўмақ бар.

Шайырдың «Перзент» дүркининде ата-аналар менен перзент түсиниги, ата-ана қәдири, перзенттиң ата-ана алдындағы қарызы, ата-ананың перзент алдындағы парызы сыяқлы идеяларды алға сүреди.

Өмир узақ, мәнзил аўыр атланыс,
Әдиўлемес ушқан уясын нәмәрт,
Гейбир перзент болса егер мақтаныш,
Гейбир перзент екен ата-анаға дәрт.

XX әсир қарақалпақ поэзиясында перзент тәрбиясы ҳаққында дидактикалық қосықлар дөреткен шайырлар арасында Ш.Сейтов поэзиясын да шетлеп өтпеўимиз керек.

«Улым, саған айтаман» дүркинлеринде әке тәрепинен перзентине қарата айтылған нәсиятларының ҳәр биринде өз идеялық мазмунына ийе: онда перзент өмирде өзине мүнәсип жупты таңлаўы, ер жигит деген атқа ылайық болыўы, жақсы менен жаманның парқына барыўы, нәкаслик-пәсликтен жырақ болыўы кереклигин, дос таңлап билиўи, еки жүзлеме болмаўды даналық пикирлер менен нәсиятлап, «жаманнан қаш, жақсыға жантас» деген нақылға дөретиўшилик қатнас пенен, өзгеше жаңа поэтикалық жуўмақ шығарады.

Қаш яманнан,қаш! Дегенге,
Яманнан қашпаң керек емес,
Яқшы болғын келсе егер де,
Яманнан қашпақлық ҳәм
Яхшылықтан дәрек емес
- Қашпа! демеймен,
Қаш яманнан!
Аўлаққа ылағып қаш!
Лекин, май қуйып самал таманнан
Бир шырпы жағып қаш!

Жуўмақлап айтқанымызда, дидактикалық мазмундағы лирикалық қосықлар қарақалпақ әдебиятында бир қанша раўажланған, мәнилик байланысқа, философиялық мазмунға толы.

Бундай қосықлардың перзент тәрбиясында роли үлкен, лирикалық қаҳарман тәрепинен перзентлерге қарата ақыл-нәсиятын, өмирдиң қыйын-қыстаўлы жоллары болатуғынлығы ҳаққында турмыс тәжирийбелери менен бөлисип отырады.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

1. Жәримбетов Қ. Бердақтың насиятлары-бизиң руўхый ғәзийнемиз. Нөкис-1998
2. Оразымбетова М. Қарақалпақ поэзиясында лирикалық дүркинлердиң поэтикасы. Тошкент-2022
3. Сәрсенбаев Т. Шабыўыл. Нөкис-1989
4. Сейтаев Б. Ашылар дүнья. Нөкис-1989.